

**REGLEMAN KONSÈNAN EGZIJANS POU ELÈV DIPLOME NAN  
LEKÒL PIBLIK BOSTON**

*ÒDONE*, ke Komite Skolè Boston an apwouve Regleman Konsènan Egzijans pou Elèv Diplome nan Lekòl Piblik Boston, ki vin asanm ak avi sa a :

Regleman sa a, ansanm ak Sikilè Sipèentandan an ki te otorize anba tèm yo, ap asiste dirijan skolè yo, administratè yo, pwofesè yo, ak manm pèsònèl yo avèk egzekisyon obligasyon yo pou asire ke elèv yo genyen aksè ekitab nan travay skolè solid toupatou nan distri a.

Nan yon apèl nominal (apèl non), Lòd la te apwouve selon vòt suivan an :

WI –  
NON –  
ABSAN –

Ateste :

Elizabeth A. Sullivan  
Sekretè Egzekitif

## REGLEMAN KONSÈNAN EGZIJANS POU ELÈV DIPLOME NAN LEKÒL PIBLIK BOSTON

Chak elèv - kèlkeswa ras yo, etnisite yo, sèks yo, andikap yo, oryantasyon seksyèl yo, relijyon yo, estati sitwayènte yo, estati sosyoekonomik yo, oswa kòd postal yo ("zip code" yo) - merite yon edikasyon ekselan ki anrapò avèk kilti yo ak lang yo ak divès opòtinite pou ede yo atenn tout potansyèl yo. Lekòl Piblik Boston (BPS) sèvi elèv ki genyen anpil talan ki santi efè sosyal, anpechman sistematik e sosyal, ak pratik rasis, ni anndan ni deyò anviwònman lekòl yo. Genyen anviwon 30.000 elèv Lekòl Piblik Boston (plis pase 50% popilasyon elèv nou yo) ki genyen kèk bezwen presi antanke Elèv k ap Aprann Angle ak/oswa elèv ki genyen andikap, ak/oswa ki genyen yon dezavantaj ekonomik (ki pa gen twòp mwayen ekonomik). Elèv nwa ak elèv latino yo konstitye 76% nan tout enskripsyon Lekòl Piblik Boston yo. Istorikman, ti gason nwa ak ti gason latino, Elèv k ap Aprann Angle, ak elèv ki genyen andikap ekskli nan aksè travay skolè solid ak anviwònman edikasyon jeneral enklisif, nan yon fason ki dispwopòsyone.

Eliminasyon mankman nan opòtinite ak reyisit, ak afimasyon kapasite enfini elèv nou yo pou yo kapab reyalize espwa yo ak rèv yo, fè pati santral misyon distri a pou l asire ke tout timoun nan tout sal de klas, nan tout lekòl, resevwa sa yo gen bezwen. N ap pran kèk mezi brav, ekspresè, e eksplisit pou n elimine kèk mankman nan opòtinite ak reyisit pami elèv sila n yo ki pi vilnerab.

Prezèvasyon kèk regleman ki fè elèv yo vanse nan Preparasyon pou Inivèsite, Karyè, ak Lavi, epi asire ke egzijans pou yo diplome yo egal ego, transparan, solid, e konstan nan distri a, epiou ki asire kapasite pati enterese yo pou yo kapab fye angajman distri a genyen nan pratik ekitab esansyèl nan responsabilite sa a. Regleman sa a afime angajman distri a pou l founi yon anviwònman aprantisaj solid e ekitab pou tout elèv, sitou nan nivo segondè, kèlkeswa lekòl yo enskri ladan l lan, e l gouvènè egzijans diplòm yo nan tout distri a pou tout elèv Lekòl Piblik Boston.

Lekòl Piblik Boston ap toujou prezève Sikilè Sipèntandan an ki : (1) dekri pwosedi yo pou mentni kèk sistèm ki pou asire ke kou yo solid e aliye a estanda DESE yo ; (2) esplike pwosedi egzak yo pou lekòl yo jwenn egzanpsyon pou kou solid yo ; (3) dekri fòmilè, lis kontwòl, apwobasyon, ak fleksibilite presi yo ke nou pèmèt ; (4) pwosesis pou pwouve ke egzijans yo pou yon diplòm arive konplè.

### **Separaman, pou akonpaye regleman sa a, distri a ap devlope e mentni kèk pwosesis enplemantasyon detaye nan fòm kèk Sikilè Sipèntandan an pou asire :**

- (1) ke bidjè lekòl yo ak pwosesis òganizasyonèl pwobab yo modifye pou ke regleman an kapab antre an vigè ;
- (2) ke lekòl yo satisfè kèk etap enpòtan kle pou enplemantasyon ;
- (3) ke kontrandi bay Komite Skolè a ak kominote a fèt nan yon fason ki transparan ;

- (4) ke elèv militeng yo (ki pale plizyè lang) ak Elèv k ap Aprann Angle yo kapab resevwa kredi pou konpetans lang yo te akeri oparavan ;
- (5) ke pwosesis relve nòt yo bay elèv yo kredi pou kou yo te fini oparavan (menm sou kad entènasyonal la) ;
- (6) ke definisyon pwosesis yo an plas pou pakou diplòm yo pou elèv ki elijib pou egzamen MCAS-Alt la (MCAS altènatif la) ;
- (7) ke nou byen detaye pwosedi egzansyon yo pou kou solid yo pou benefisye elèv ki genyen doub enskripsyon nan enstitisyon edikasyonèl siperyè yo, pwogram travay aprantisaj yo, oswa kèk lòt pakou akselere, pami yo pwogram edikasyon pwofesyonèl e teknik Chapit 74 yo ;
- (8) ke pwosesis pou idantifye kou klas mwayèn yo ki aliyen ak standa MassCore yo an plas epi asire elèv yo resevwa kredi apwopriye pou yo fini kou yo avèk siksè ; (9) byen detaye pwosesis la ak kritè yo pou aliyen apwobasyon kou yo avèk standa ak egzijans DESE yo ;
- (10) ke n byen detaye e mentni pwosesis yo pou asire ke tout elèv genyen opòtinite pou yo montre ke yo metrize kontni matyè yo nan lòd ;
- (11) ke n byen detaye yon pwosesis pou dezilyen elèv sila yo ki montre metriz ak alfabetizasyon nan yon lang ki pa lang angle kòm elèv ki satisfè rekòmandasyon MassCore yo ;
- (12) ke n byen detaye yon pwosesis pou asire ke elèv yo kapab resevwa kredi pou metriz yo montre nan kontni matyè yo, malgre yo pa t prezan ase nan kou a ;
- (13) ke n byen detaye yon pwosesis pou elèv ki enskri nan yon pwogram etid Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik ke eta a apwouve, pou yo genyen opsyon pou chwazi pou yo pa patisipe nan Lang Mondyal pandake yo kapab toujou satisfè standa MassCore yo.

### Adopsyon Pwogram Etid ke Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a Rekòmande kòm Egzijans Lekòl Piblik Boston pou Elèv Diplome

Komite Skolè Lekòl Piblik Boston genyen responsabilite pou l kreye kèk regleman ak pratik pou kore preparasyon chak elèv pou yo pare pou inivèsite, karyè, ak lavi, ansanm ak responsabilite pou l retire anpechman ki entèfere ak elèv k ap diplome nan Lekòl Piblik Boston, ki prè pou yo reyisi nan pwochèn etap yo nan lavi yo. An konsekans, li enperatif pou n adopte kèk egzijans diplòm ki aliyen avèk kèk standa nan tout distri a ki va ankouraje e asire rigè ak ekselans nan lekòl nou yo, pou elimine mankman nan opòtinite ak reyisit, epi asire ke tout elèv diplome tou pare pou lavi aprè lekòl segondè. Anplis, nou dwe kreye kèk egzijans pou elèv yo diplome ki konstan, dekwa pou fanmi yo ak elèv yo kapab genyen yon konpreyansyon klè sou kou elèv yo ap bezwen acheve pou yo resevwa yon diplòm Lekòl Piblik Boston (BPS).

### Egzijans MassCore yo

Lekòl Piblik Boston ap adopte Pwogram Etid Rekòmande MassCore la kòm Egzijans pou Diplòm li yo pou tout elèv nan distri a. Pi presizeman, kredi suivan yo, nan plizyè kalite kategori kontni se kredi ki egzije pou elèv yo kapab diplome nan Lekòl Piblik Boston.

PWOPOZE 5/27/20, 3/24/21

Tablo anba a reprezante vizyèlman egzijans kou yo pou elèv yo diplome.

| <i>Kolòn 1</i>                  | <i>Kolòn 2</i> | <i>Kolòn 3</i>   |
|---------------------------------|----------------|--|
| Kategori Kontni yo              | Inite yo       | Kou yo   |
| Gramè ak Literati Angle         | 4              | 1. _____<br>2. _____<br>3. _____<br>4. _____   |
| Matematik                       | 4              | 1. Aljèb II -OSWA- Matematik Entegre (Aljèb)<br>2. _____<br>3. _____<br>4. _____<br><br><i>Epitou elèv yo ka chwazi yon kou Enfòmatrik (yon kou Òdinatè) ki aliyen a standa MassCore yo</i>      |
| Yon Syans ki baze sou laboratwa | 3              | 1. _____<br>2. _____<br>3. _____<br><br><i>Epitou elèv yo ka chwazi kou STEM (syans, teknoloji, enjenyè/jeni, matematik) oswa kou Enfòmatrik ki aliyen a standa MassCore yo, pami yo : AP CS</i> |
| Istwa ak Etid Sosyal            | 3              | 1. Istwa Lemonn<br>2. Istwa Etazini<br>3. Etid etnik (etid ameriken nwa, latinx, azyatik-moun zil pasifik, ameriken endijèn/natif)   |
| Lang Mondyal                    | 2              | 1. _____<br>2. _____<br><br><i>Toude inite yo se menm lang.</i>  |
| Edikasyon Spòtif                | 1              | Elèv yo ap genyen yon kou Edikasyon Spòtif pou yon trimès (oswa yon ekivalan) chak ane oswa yon ekivalan.  |
| Atizay                          | 1              | Elèv yo ap genyen yon kou Atizay pou yon trimès (oswa yon ekivalan) chak ane oswa yon ekivalan kimilatif.  |
| Kou opsyonèl prensipal          | 5              | 1. _____<br>2. _____<br>3. _____<br>4. _____<br>5. _____<br><br>Yo gen pami yo kou Edikasyon Pwofesyonèl, kou Edikasyon Teknik   |

**Kèk Definisyon**

**Inite yo ak "Tan Chita nan Chèz" (Prezans)**

Yon inite reprezante etid ki fèt pandan yon ane skolè konplè oswa ekivalan l nan yon matyè ki kouvri tout standan ki nan yon Strikti Pwogram Etid presi, men sa pa vle di ke elèv yo dwe

PWOPOZE 5/27/20, 3/24/21

"chita" nan yon klas pou yon kantite èdtan pou yo resevwa kredi pou kou a ; men pito,

elèv yo ap montre ke yo metrize konesans ak konpetans ki reprezante nan yon inite ansèyman. Epitou elèv yo ka resevwa kredi paske yo "reyisi nan kèk egzamen pou sote kèk kou", osinon resevwa kredi pou rekipere sa yo te pèdi, osinon resevwa kredi pou akselerasyon nan yon kou (yo fini l avan lè), jan sa dekri nan Sikilè Sipèntandan yo.

### Kou ki baze sou konpetans

Kou ki baze sou konpetans, kote ke elèv yo avanse e resevwa kredi lòske yo montre yo metrize matyè a, elijib pou konsiderasyon kòm kou ki elijib pou kredi MassCore. Sa genyen ladan l kou ak metriz akimile atravè doub enskripsyon.

### Egzijans Eta a Etabli pou Elèv Diplòm

Regleman sa a pa ranplase, ni l p ap ranplase, egzijans pou diplòm ke Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a etablis. Egzijans eta a etabli pou elèv yo diplome nan lekòl segondè genyen ladan l kèk aspè istwa ak sivik Etazini, edikasyon spòtif, ak "detèminasyon konpetans" [nòt pasaj nan egzamen Sistèm Evalyasyon Okonplè Massachusetts la (MCAS) nan matyè gramè ak literati anglè (ELA) ak matematik nan nivo klas 10yèm ane ak syans ak teknoloji/enjenyè/jeni nan nivo lekòl segondè]. Pou elèv ki pa pase yon egzamen MCAS, edikatè yo ap devlope yon Plan Konpetans Edikasyonèl (EPP) pou matyè yo. Elèv yo ap bezwen satisfè egzijans kou yo pou Plan Konpetans Edikasyonèl yo (EPP yo) anplis de satisfè egzijans MassCore yo.

### Edikasyon Spòtif

MassCore reflekte egzijans legal sila a ki di ke edikasyon spòtif dwe anseye kòm yon matyè egzije nan tout nivo klas. Elèv yo kapab satisfè egzijans la atravè yon pwogram aktivite fizik pedagogik òganize, ki enkli aktivite suivan yo, men ki pa limite a yo sèlman : patisipasyon nan spò ant lekòl ak lekòl, patinay, hoki, dans, yoga, atizay masyal, kapoweyra, oswa natasyon (naje), ak nenpòt aktivite fizik atravè kèk pwogram skolè, oswa kominotè, oswa yon pwogram etid endepandan.

### Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik

Elèv ki enskri nan yon pwogram Chapit 74 ke DESE apwouve kapab satisfè egzijans MassCore yo san yo pa satisfè egzijans yo pou atizay ak lang mondyal. Nou kapab fè eksepsyon pou egzijans atizay yo ak lang mondyal yo, sepandan nou reyèlman ankouraje elèv yo pran kou sa yo.

-fen-